Соколёнок

# Лачен

1/2020
январь – февраль

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ









# Хунзахъ тӀовитӀарав шагӀир, драматург, хъвадарухъан ва таржамачи, КӀудияв ВатӀанияв рагъул гӀахьалчи МухӀамад Сулимановасул 100 сон тӀубаялъул тадбиралдаса суратал.















Зулму Батырова

# Чуяз хвасар гьабураб тай

Гьаб лъугьа-бахъин ккана лъарагІлъиялда бугеб цо гьитІинаб росулъ. БукІана роцІарабрииталил къо. Зодихъ гвангъун букІана бакъул горду. ГъутІбуздаса гъутІбуздеги роржун кечІ ахІулел рукІана хІанчІи. Харилъ расандилел рукІана гарцІал. Росдал лъимал бакъул багІариялъ аскІоб букІараб хІорде чвердезе рекеризарун рукІана. Цо заманалдасан чвердолел ругел нижеда рагІана азбаралда рукІарал чуязул рахІатхвараб хІихІиди. Ниж киналго лъимал, лъадалъа къватІиреги рахъун, тІад гурдалги ретІунаго, ахІи бугеб рахъалдехун рекерана. Бугоха чуялда аскІоб букІараб гьитІинаб тагьиялде кІанцІизе, доба речІчІун – гьаниб речІчІун, нух бахъулеб бацІги, бакьулъе ккезабун гьитІинаб тайгун, бацІида малал чІвалел чуялги. Чуяз кисан кІанцІаниги, бацІие нух толеб букІинчІо, аскІобе гІагарлъарабго, нахъисел боxдуз, эхеде кІанцІун, бацІалда малал чІвалел рукІана.

Ниж цойидасанго лъалхъизаруна нижедаса цодагьалъ кІудияв Арсланбегица: «Нилъехъ гьечІо я тІилал, я лъундул, я ганчІал, цощина бацІ нилъеда тІад речІчІани? Щиб гьабизе бугеб? РачІа киналго цадахъ бугеб рухІалъ ахІдон, хъат чІван, бацІ хІинкъизабизе». Гьабизеги гьедин гьабуна. Эхе-эхедеги кІанцІана, бугеб рухІалъ хъатги чІвалаго, ахІдезе журана ниж. Гьедин цадахъ ахІдолаго, чуязде аскІоре гІагарлъулел рукІана ниж. ХІанчІазул бакъналцин къинарун рукІана нижер ахІдеялъ. БацІ балагьун чІун букІана нижехъ, цинги кьурун буссун, рохьобехун балагьун, лъутун ана. БацІ тІурун арабго, ниж цІидасан чвердезе хІортІе тІад руссана. Ниж цІакъ чІухІун рукІана тай хвасар гьабизе нижеца ургъараб ахІи-хІуралдаса.



# Дица гІака бечІчІараб куц



Нижер букІана цІакъ берцинаб кІудияб гІака. Ригьда бечІчІун, цо-цо ведро рахьдал кьолаан гьелъ. Дие цІакъ бокьун букІана гьеб бечІчІизе. Дун ялагъун йикІунаан эбелалъ гьеб бечІчІулеб куцалъухъ. Гьелъ цин хинаб лълъеца гІакдал гъвари чурулаан, цинги полотенцаялъ бацІцІунаан. Гъоркь бакІги лъун, гІодойги чІун, бечІчІизе лъугьунаан. Эбелалъ гьеб бечІчІизе гІемераб мех балароан. Гьей цІакъ йохун йикІунаан гІакдал моцІабазда рахь чвахулел картІал гІатІидал ругилан, гьединлъидал гьеб бечІчІизе бигьаго букІана. Цо нухалъ, аскІоб бугеб росулъ хвелги ккун, эбел гьение зигаяраялъ ана. Бакъанида гІака бечІчІизе ункъачо ячІине йигилан абуна гьелъ унаго. Гьелъ дида бихьизабуна бечІчІулеб мехалъ гІакдада цебе лъезе кколеб ведро. Гьелда жанибе дица буссана чІакІултІан, тІаде бана кІиго банка кормаялъулги. Дие цІакъ бокьун букІана гІака дицаго бечІчІизе.

Щвана бакъанидамех. Рокъобе бачІана нижер Марусяги. Дица гьелда цебе ведро лъуна, эбелалъго гІадин гьелъул гъвари чурана, бацІцІана. Гъоркь бакІги лъун дун гІака бечІчІизе лъугьана. ЦІацІала дица моцІаби, цІацІала, бачІунаро къватІибе рахь. Гьанирехун цІан, дорехун цІан, дида гІемераб къо бихьана рахь къватІибе баккизабизе кІоларого. Ахирги бачІана рахь. БечІчІулей йикІаго, кьабун бачІана гІакдаца дир гьурмалъ жиндирго рачІчІ, унтана дида. Дица тІадеги яхъун, цо басрияб чІортоги босун, гІакдал рачІчІ гьелъул бохалда бухьана. Гьанжеги гІакдае щиб къваригІун букІарабали лъаларо, нахъисел бохдул кодо-

ре росун, цIакъ рахIатхун букIана гьеб. Дица, эбелалъго гIадин, гьелда абуна: «Мун чIа, Маруся, гIемераб женкIечIого. Дуца жакъа гьабулеб жо щиб?» – ан. ГIака берцинго чIана, ведро цIезе цодагьаб жо хутIун букIана. Дун цIакъ чIухIун йикIана, гIакаги бечIчIун, эбелалъе кумек гьабизе щвеялдаса. Угъулей йикIана, гьелъ дун еццилин, гьале гIака бечIчIизе дир яс гIун йигилан абилин. Гьел пикрабазда дун йикIаго, гIакдаца, дица рачIчI бухьараб бох босун, рахьдал цIураб ведроялда жаниб лъуна. Гьанже щиб гьабилеб? КIоларо гIакдада бох нахъе босизабизе. Дица бухьараб рачIчI бичана, босун гьеб чIортогун гьелъул гьумералда кьабгIана. Цинги дир гIадлуялдаса хадуб гIакдаца бох нахъе босана, амма рахь гьелъие жиндиего кьуна гьекъезе. КьечIого щиб гьабилеб чорокаб рахьалда? ЯчIана ункъачо. Гьелда бихьана дица бечIчIараб рахьдал ведро. «Гьелеха, дур унго-унгой кумекчIужу гIун йиго. Гьанже эбел рокъой гьечIеб мехалда гIака бечIчIизе дун ячIине ккеларо. Дун дирабго бечIчIизе рокъое ина» - анги абун гьей ана. Амма дирилан абуни щуго соналдасан гурони гIака бечIчIизе кумекчIужу лъугьинчIо. Гьеле гьединаб ккана дица тIоцебе бечIчIараб рахьдал къисмат.

# Къурущ

ХIанчIазеги, хIайваназеги, кинабго хIутI-хъумуралъеги, гIадамазего гIадин, хириял руго жидерго тIанчIи. Гьезда лъалеб куц берцинго гьел цIунизе, тIанчIазул тIалаб-агъаз гьабизе. Цо нижер гIанкIуялъеги жиндирго тIанчIи хирийял ругеб куц!

ТIанчIазул эбел гIанкIуялда абула къурущилан. Къурщица я гIадан, я кето, я гьве тIанчIазде аскIоре къазе риччаларо. Бекерунги ун, тIад речIчIула къурущ, гьелъул хIинкъыялдаса гьелъул тIанчIазде бугеб рокьи цIикIкIараб буго. Гьеб къурщица анцIила ичIго къо бана тIанчIи рахъизе ханазда тIад гIодоб чIун. Къоабилеб къоялъ лъабго хоно хутIун батана тIанчIи рахъичIеб. Дица цо хоно къватIибе босана, тIинчI къватIибе бачIине каратI бахъизехъин йикIана, тирщун тIадеги бахъун, къурщица дида цебеса хоноялда гозо кIутIана. КъватIибе баккун бачIана тIанчIил гьитIинаб гозо. Дида бичIчIана бокьараб бакIалдаса хоно бекизе бегьулареблъи. Гьеб дидаялдаса лъикI къурщида лъалеб батана. Дица кIиябго хоноги къурщица гозо кIутIизе тана. Ахирги рахъун рахъана тIанчIи. Гьел рукIарал берцинал тIогьилал жал! Къурущги тIанчIиги дица хIамамалда цебе бугеб гьитIинаб рокъоре рачана, тIанчIи квачачIого рукIине. Къасикъаси гьел къурщица тIаде жиндирго куркьбалги рачун, рахчизарулаан, квачазе риччалароан.

Цо къоялъ дун пастIаний юхъарулей йикIана. Дида бихьана хIамамалъул цеберокъосан кIкIуй бачIунеб. Екеранагури, бугоха бухIараб лъулъел турбаги кьвагьун, бухIараб хIухьелалъул цIун рукъги, чIабар цIун бухIараб лъимги. Къурущилан абуни багъаричIого рахчизарун тIанчIигун жиндирго рукIниб бегун бугоан. Гьелъ жиндирго тIанчIи рагъаризе риччалел гьечIоан, жибго хIинкъун лъутун гьечIоан. Хъатамасан дица ящикгун цадахъ къурущги тIанчIиги нахъе рачана, цинги дица бухIараб лъим къватIибе баччана. БухIараб хIухьелалъ рухI дагьлъизабураб къурущ бохараб куц дица жалго хвасар гьариялдаса. Гьелъие жиндиргоялдаса тIанчIазул ургъел букIун батула.

ГIиса Шахрухудинов

# Къурбанги къадакоги

Цо къоялда къадако
Къелълъе унеб бихьидал,
Къурбанил хIукму ккола
ХIанчIчIибусен бихьизе.

ХIалица малиги чIван,
Къурбан гьенив ххарула,
Гьалгъан хутIарав Къурбан
Къел ракьалде вортула.

Гъов вортун щварай кIодо
Къурбаниде семула;
Къварид щибго гьабуни,
Гьедин кколин абула.



# ЦIунцIра

Щурун унеб цIунцIраялъ
ЦIан унеб буго хадуб,
ЦIавуда чанцIусаго
Жиндаса цIикIкIараб хIутI.

ХIикматаб гьунар гьечIищ
ГьитIинаб цIунцIраялъул,
ЦIавул халгьабичIого,
Хасалиде къачIалеб.

Риидал кьижун чIани,
Кьиндал кваналареблъи
Лъалебанищ щибалда,
ЦIунцIра гIадин, хIалтIизе.

ЦIунцIра къуватаб буго –
ХIалтIи захIматаб букIун,
ЗахIмат къуркьизе ккани,
КъваригIуна тулаклъи.



# Адал бече

Берцинаб бече буго
Нижер Гулисат–адал,
ГуллагIанги гIедераб,
ГIажаибго недегьаб.

Гьелде цIарги адаца
АхIула «Берцинабин»,
Берцин бихьун киналго
Гьелда сверун лъугьуна.

Берцинабин ахIани,
Гьеб, чIухIун, басандула,
ЧIухIарай нижер ада,
ЩIаюцIцIун, йорхалъула.

«Берцинаб», кIудияб гIун,
ГIака лъугьараб мехалъ,
ГIурухъ лълъадал кинигин,
Рахьдал цIела дол хъуби.

Мадугьал ГIалиеги
ГIорцIизегIан рахь кьела,
Бикьизе щолеб хIалалъ
Щарги нахги букIина.

КвергIатIидай адаги
Элдаса цIакъ йоххила,
ЧухIараб Берциналъул
Берцинал бачал гIела.





# Тулпар

**Дир къайи цIунараб**
**ЦIодораб «Тулпар»,**
**ЦIалтун бугин биялъ,**
**БачIа аскIобе.**

**Къавуде сверизе**
**Хъумур толареб**
**Хъаравул, къасиги**
**Къорищ дуй гъураб?**

**Дир ракIчIараб гъудул,**
**Сардил борчIухъан,**
**БачIа, дица дуе**
**Дару гьабила.**

**Дир къайи цIунареб**
**КъвакIараб гъудул,**
**Толареб вехьас мун**
**Гъединан реххун.**

**Гьойлъун бугониги,**
**БацIазул дуца**
**Дарран сородизе**
**РакIал тIамуна.**

**ТIом гьез хъарсаниги**
**Хъурмилаб агьлу**
**Аб гIиялкъавуде**
**Дуца гъукъула.**




ГIонкIкIоласул мадугъал ГIазизил буго керчаб расалъул, мугъзадаса чIегIераб, чахьикьа хъахIаб кету. Жиндирго кIодолъиялъги беразул чIахIалъиялъги рикIкIадасанго батIабахъизе лъала гьеб. Сибиралъулилан абула гьелда гIадамаз. ГIазизил ясал Шагьуница ва Мухлисатица катида цIар лъун буго Мурзикилан.

Гьеб буго гIажаибаб кету. Аслияб куцалда Мурзик рокъоса къватIибе бахъуна канлъи къотIараб мехалда ва жигар бахъула жиб лъиданиги бихьичIого букIине. Гьелъукьа хIинкъула мадугьалихъ ругел киналго кутул. Гьелъ, тIадречIчIун, авал тезабула гьезда.

ГIемераб лазатбахъи гьабула Мурзикица ГIонкIкIоласеги. Сардилълъ бачIун, гьелъ кидаго хIанчIула азбаралъубе сверараб рахъалда гордуда кьижун букIунеб гьесул лахIчIегIераб катида. Гьелъул чIчIичIидиялъ чанги макьидаса ворчIизавула гьев. Амма кигIан ургъаниги, ГIонкIкIоласда «зулмучи» щивали лъазе кIолеб букIинчIо. Щибаб нухалда рокъоб хIатIил сас, ялъуни нуцIил къири бахъарабго, Мурзик гьесда бихьизе чIечIого, рикIкIаде лъутула. ЧIегIерил хважаинасда кколеб букIана гьеб цогидаб катица толеб батиларилан. Гьесда лъалароан Мурзикил чанкIкIи. ГIонкIкIолас гьеб рикIкIунаан, къанагIат гурони къватIибе бахъунареб, лъикIаб гIамалтIабигIаталъул кетулъун. Гьедин ана къоял, моцIал, сонал.

Амма ГIазизил катидехун букIараб гьесул лъикIаб пикру хисизабуна цо нухалда гьесул ккараб лъугьа-бахъиналъ. ГIонкIкIолав вукIана живгоцохIо вугев чи. Радал кванан хутIараб квен гьес гIемерисеб мехалда, бакIа–бахаричIого, богорокъоб столалда тIадго толаан. Къаси хIалтIудаса щведалин абуни, гьелъул хутIараб жого батулароан. БукIунароан гьениб кинабгIаги лъалкIгIужги.

Рукъалъул нуцIаги рахан букIунеб, дихъ гуреб, цоги батIияв чиясухъ кIулги букIунареб, алхинчIого щибаб къоялъ гьаниве кваназе вачIунев «гьоболгIаги» щивдайилан гIажаиблъи гьабулаан ГIонкIкIолас.

Цо къоялъ, хIалтIуде унаго, кванан хутIа-тараб жо гьес гъадриниб бахчун тана. ТIадвуссун вачIиндал, тIаса щурумги цояб рахъалде хъурщизабун, гьеб матIу кинигин цIвакизабун батана ГIонкIкIоласда. Гьеб иш чанго къоялъ такрарлъана. Хадуб гьес хIукму гьабуна квен хьагиниб бахчизе. Добго къисмат ккана гьелъулги. АхIичIого вачIунев «гьобол» щивали лъазе бокьиялъ рахIат толеб букIинчIо рукъалъул бетIергьанасе.

Гьеб къоялъ хехго вуссана ГIонкIкIолав хIалтIудаса ва, сасмахI бахъине течIого нуцIаги рагьун,

цIанвитIун богорокъове ана. Гьениб хьагги чIобоголъизабун, чIарбида эхетараб Мурзик бихьидал гьев, цIацIазарун бералгун, цодагьалъ лъалхъун хутIана.

Хадув ццидаххараб гьаркьидалъун, «мунищха букIараб, малгIун, ничгьечI, чIечIого гьанибе баккулеб. Дидани ккун букIана... Гьанже бихьила дур хIал» абун, кквезе къасдалда катиде вортана ГIонкIкIолав.

Жиндие ГIонкIкIолас сахаб жо гьабизе гьечIеблъи бичIчIараб чехьхъахI гьеб лахIзаталъ, хIинчI боржунеб гIадин, рагьун букIараб гордухъан кIанцIана ва, рачIчIиги хьвагIезабулаго, лъутун ана. Гьев ххагазавуна гьелъул тирилъиялъ. Гьавиларищха, гьединаб кIудияб гьеб, чIчIаралъуса багъаричIого, лъабго метралъулниги манзилалъ борхалъухъе кIанцIидал. Узухъда, ккезе щун букIарабани, гьес раскерчие кинаб букIаниги тамихI гьабилаан. ТIадежоялъе гьеб къоялъ радал, азбаралъув дандчIвайдал мадугьалалъул вас Маратица бицун, ГIонкIкIоласда лъан букIана ЧIегIерил «зулмучи» Мурзик кколеблъи.

Гьалдаса хадуб Мурзик къороласул богорокъобе къачIо. ГIицIго зама-заманалдасан кIанцIун бачIун, къаси кватIараб гIужалъ ЧIегIерги чухIа-кIутIун, гьесул парахалъи хвезабулаан гьес. Нагагьлъун азбаралъув ГIонкIкIолав вихьани, хIинкъун яги нечон лъаларо, Мурзикица жигар бахъулаан я жидерго рокъобе лъутизе ялъуни киб-кибниги бахчизе. Гьедин гьабизе кватIани, жиб гьезего гьечIеб гIадин, бугелъубго кьерун чIола ва жинда ГIонкIкIолав вихьулареб ххвел гьабула.

Цо-цо мехалда ГIонкIкIолав кету хIинкъизабизеян щиб-щибниги речIчIизе жувала, тIилгун гьелде вортула. Гьебин абуни, цогидал кутул гIадин, квер гьесарабго тIуруларо. ГIонкIкIолав тIаде вачIунеб мехалда чIваркьун балагьун чIола. ГIицIго жинда речIчIулеб жо гьесул хъатикьа борчIараб ва тIил хьвагIун бачIунеб параялъ тириго цояб рахъалде бортула. Гьединаб сихIираб кету буго Мурзик.



Патимат Малачиева

# Эбел йикIарайани



— Мун щай гIедегIулей, дарман, Меседо,
Дагьалъ харбида чIа, гьудул, Меседо.
— Вай, эбел ягъула, ургъелалъ ккола,
Элъул рахIатхола. Дун ине ккола...

— Ягъизецин эбел йикIарайани,
Юхизецин баба хутIарайани.
Эбел гьечIел къоял къабул гурей дун,
Эбел аралдаса рохел ссварай дун.

Эбелин ахIдолеб хIинчI хIайран буго,
Э-бе-э-эл-л! — илан кьегIер гIодулеб буго.
Эбелалъухъ бухIун, бурутI ссун буго,
Гьелъухъ угьдун, тагьи татахун буго.

Эбелилан сабру дир свакан буго,
Ссвараб гьелъул гъастIа гъаримлъун йиго.
Гьадин къулугеги къоркъотIинчIцини,
Гьей камун тогеги катитIинчIцини.

Даим лъугIуларо эбелалъе кечI,
Кинго бакъваларо дир бабахъ магIу:
Эбелалъ тун йиго, дун унтун йиго,
Эбел йиссунарей дун бестIал йиго.

# Къо анибе битIe, дада

Севералда рукIарал
Лъимал кIодохъе щвана, —
Дагъистаналъул росулълъ
Сордо азда дандчIвана.

Рашидханги Расулги
Синкъун гIодулел руго,
Гьал хIинкъарал, риххарал
Хех инсухъе кIалъана:

— Дада, унго, бабаца
Ниж рачараб бакIго щиб,
Гордухъан балагьун чIчIун
Бугеб чегIераб сордо!

— Аниб къо буго, дадал,
Къалъ-къалъун бакъги буго,
Бащдаб лъагIел инчIого
БачIунаро сордоги...

— Къоги анибе босе,
Мунгоги хехго вусса,
Вусса, ниж хIинкъун руго,
Бакъги къасиго битIe.

Азбар цIакъ бецIго буго,
Расандизе рес гьечIо,
Я бараб гIазу гуро,
Я хъештIераби гьечIо.

# Их гьоболлъухъ рештIина



Их гьоболлъухъ рештIина,
Берцинлъигун, хинлъигун, –
Лъималазе рохелгун,
Херазе разилъигун.

Их гьоболлъухъ рештIина
ЛъикIал сайигъаталгун,
Квачалъ хъамун рукIарал
Милъирщабиги рачун.

Ракьулълъ гъапуллъун ккараб
РухIчIаголъи бигьине,
Чахъдае кьегIер щвезе,
ЦIцIаназе буртIал гIезе.

Хинаб хIухьел тIаде пун,
ТIабигIат чIаголъизе,
ХIикматазул квер бахъун,
Киналдаго рухI лъезе.

Кьижараб ци нохъода
Макьидаса бигьине,
ХIутI-хъумурго хоралда
Рохьазда бакънагъине.

Их буссина, нахъеги
КIвахI гьечIел хIалтIухъаби
ГьоцIцIо тIезе наялгун,
ЦIиракkарал тIугьдулгун.

Хасел ихалда барщун,
Пашманлъун, лълъугIун ина,
Унеб жиндаго гIурхIун,
Ахираб магIу тIела.

Свакарав учителас
ТIехь къазе, къалам лъезе.
ХIалалаб хIалхьигун гьес
Мех базе, ракI цIилъизе.

Дарсал тун, цIцIалул къайи
ХIухьбахъизе битIизе, –
Класс хисун, цIалдохъаби
ТIасиялде рахъине.

# Катил тайпа (тухум)



## Каракал. Меседил кьералъул кету

Экваториалияб Африкаялъул цlцlадалал рохьазда гlумру гьабулеб букlуна меседил кьераб кету. Гьеб бихьизе бегьула Сенегалалдаса северияб Анголаялде щвезегlанги бакъбаккул Конгоялдаса бакътlерхьуда бугеб Кениялъул югалде щвезегlанги. Аслияб къагlидаялъ гьеб букlуна Конгоялъул хlорихъ ва гьелъул сверухълъиялда. Рукъалъул катидаса гьеб кlиго нухалъниги кlудияб букlуна. Темминкалъул тайпаялъул (Catopuma temminckii) катидаги релълъине бахъуна гьеб. Гьелда африкаялъулаб меседил кетойилан абула. Гьел ккола цоцазде гlагарал, тlабигlиял шартlал данде кколел бакlазда гlумру гьабулеллъун.

## Оцелота. Цlиркъаб кету



(Ieopardus) – цlиркъаб кету ккола гьитlинаб, тlанкlаххараб Югалъул Америкаялъул кутузда гьоркьобе унеб анкьго батlияб катил цояб. Оцелот, маргай, онцилла – гьезул лъабго тайпа цоцаздаса ратlарахъизе захlмалъула. Кьералъухъ балагьун гьел релълъуна леопардаздагун ягуаразда. Цlиркъил цоцо гьединаб тайпа кидагоялъе гlалхулаб тlабигlаталда гlумру гьабунги хутlана. Амма гьезул аслияб

бутIа рукъалъулаллъунги лъугьинарун руго. Руго гьезул искусственнияб къагIидаялъ лъугьинарурал тайпабиги. Амма гьел инсанасе ричун росизеги хьихьизеги хираго чIолин рикIкIунеб буго.

## Рохьикету

Рохьикету ккола кIудияб гьвелгIананасеб къаркъалаги бугеб, къокъаб, амма бохдулги халатаб кету. Цогидал кутузда са гьеб батIабахъизе лъала рачI къокъаб, гIундузда рахъунчIарал расал рукIиналъ. Гьелъул цIайи бахуна 5-30 килограммалде. ТIадбалагьун дагьаб батIияб букIаниги, гьеб ккола бищунго рукъалъулалде гIагараб кету. Гьелги рикьула ункъо батIиязде: гIадатияб яги евроазиялъулаб, канчIгIубилаб, Пиренеялъул яги испаниялъулаб, Канадаялъул рысазде – рохьикутузде.





# ПУМА



Пумаялъ гIумру гьабула гIодоблъиялдаса 4700 м ралъдадаса борхатаб мугIрул бакIаздаги, рохьаздаги, хинал ракьазул рохьаздаги, ххарид рацарал авлахъаздаги, хьуцIиххарал бакIаздаги, пал-хIасил гьелъие гIорцIизегIан кваназеги бахчизе санагIат бугел бакIазда. Югалъул Америкаялдайин абуни ягуараз чан гьабулел хьуцIал ругеб бакIалдаса рикIкIалъизе гIамал гьабула гьез. Ччорбаххарал лугбузул тIадбитIиялъ гьелъие рес кьола 6 метр халалъухъе кIанцIизе. Рекерула сагIаталде 50 км нахъа тун. Махщалида ххарула гъутIбуздегун кьурабалъе, лъала лъикI лъедезеги. Гьезде бищунго гIагараллъун рикIкIуна гепардалъул «кьибил-тухум».

# ПУМА. ГЕПАРДАЗУЛ ТАЙПАЯЛЪУЛ КЕТУ



Гепард (Acinonux jubatus) гIемериселъ дандчIвала Африкаялъул улкабазда, гьединго ГIагараб Бакъбаккуда. Гьел цойгидал тайпабаздаса батIиябги ккола гьеб. Гьелъул черх тIадбитIараб, къвакIарал ччорбал ругеб, беэнлъи рекIинчIеб, лагикъаб гIадаб букIуна. Ракьалда ругелщинал рахь хахулел хIайваназул бищунго хехабги ккола гьеб. Гепардалъ бекерун цо сагIаталде 93-110 км нахъа тола.







# Рукъалъул кету

ГIисинал кутул киналго рикIкIуна рокъор хьихьулеллъун. Евразиялдаги Африкаялдаги бищунго машгьурал рукъалъул кутулги рохьил кутуздасан рачIарал кколилан чIезабулеб буго гIелмуялъ. Гьезда гьоркьоре уна: 1. Китаялъул FeIis biefi; 2. FeIis chaus – муцIидулъль букIунеб кету; 3. FeIis manuI – манул; 4. FeIis margarita – салул авлахъазул кету; 5. FeIis nigripes – чIегIераб кету; FeIis sivestris – рохьил кету (FeIis sivestris catus – рукъалъул кутузда гъорлъ цо–цо гIалимзабаз рикIкIунеб тайпа). Гьединго, 1904 соналъ Константин Сатуниница FeIis daemon – абун бихьизабураб кавказалъулаб чIегIераб кету, хадубккун гьарурал цIехе–рехеязул хIасилалда рукъалъул кекутулъун чIезабун букIана. Генетиказ кутузда тIад гьабураб митохондриалияб ДНК лъазабиялъул кьучIалда FeIis sivestris ва FeIis bieti кутузул тайпаби 230 азарго соналъ цере дунялалда рукIанилан бихьизабулеб буго.



# Лъималазул творчество



**АхIмадилова Зайнаб,**
***МахIачхъала.***
***II гимназия, 7 классе***



## Дир дахIабаба

**Бакъ гIиданай гвангъарай,**
**ЦIва гIадинай кунчIарай,**
**ТIегь гIадинай берцинай**
**Йиго дир дахIабаба.**

**Лъалебанищ нужеда**
**Дие гьей йокьулеб куц,**
**Гьелъул недегьал квераз**
**Дун еэдун толей куц.**

**Рахьдал мацI дида лъазе**
**Гьелъ бахъулеб хIаракат.**
**Гьеб мацIалда рикIкIине**
**Гьелда лъалебщинаб кечI.**

**Дир хIеренай, хIалимай,**
**ХIасратай дахIабаба,**
**Дун кIудияй гIезегIан**
**Рице дие маргьаби.**

**Гьарула дуе гIумру,**
**Гьарула дуе сахлъи,**
**Гьарула дуе лъикIлъи,**
**Гьуинай дахIабаба.**

# ХIамзатил Расулица „Къункъраби" кечI хъвараялдаса 55 сон тIубаялде

# „Къункърабазул" ахIи



**МухIучева ПатIимат,**
*МахIачхъала, II гимназия, 7 класс.*



**Гьале исанаги роржун рачIана**
**Расулил къуркъраби Дагъистаналде.**
**КIиго щуйил буго кIалъай гьабулеб,**
**РачIа, цо лахIзаталъ гIенеккилин нилълъ.**

**Азар-азар къункъра, гIисинал квераз**
**Дой япониялъул квераз къотIараб, –**
**Жакъаги рагIулеб буго гьезул кечI,**
**Гьаб ракьалда даим рекъелин абун.**

**Дол гIодулел руго, угьдулел руго**
**Питнадуй гъугъалел зобал рагIигун,**
**Дозул дугIа-гьари – нилълъерго гIадаб, –**
**Рагъал ургъулезда гIакълу щвагиян.**

**Садако Сасакил къваридаб къиса**
**Жакъаги бачIана нилъер къункърабаз,**
**ХIамзатил Расулил гIакъилаб калам**
**Кодобе кьола гьез нилълъер щивасда.**

**Баркула, къункъраби нужеда байрам,**
**ТалихIаб рорженгун рештIун ратаги.**
**Дуниял цIунеян ахIдолел нужер**
**Даимаб кочIое сапар битIаги.**

**НухбитIаги дуйги, кIудияв шагIир**
**Свак гьечIел сапараз дунял тиризе.**
**Аза-азар къункъра нижер ракIазулъ**
**Абадияб кечIгун даим хутIизе.**

**Дицаги къотIила азарго къункъра,**
**Биччай гьаб ракьалда гIумру тIегьазе.**
**Роржине риччай гьел хъахIилзобазде,**
**Унтараб дуниял хвасар гьабизе.**




Бицинеб щиб, дир лъимал, телеб щиб: цо пуланаб улкаялда, инсанасул напс цIунараб ракьалда вукIанила, вукIинчIила гIадлу–низам билълъарав хан. Гьесул ритIухълъиялъул сверухълъиялдаго цIар ун букIарабила. ГIемерал соназ ритIухъаб ханлъиги гьабун, гьанже живго херлъидал гьес ахIаралила вазирзаби, сардарал, диванчагIи ва лъабавго жиндирго вас. Васият хъварабила гьес ва хвезегIан нахъе бахчун тарабила.

Заман иналдего хан хваравила ва диванчагIаз васияталда хъвараб тIубазабизе къасд гьабурабила. Лъабго чIорбутIгун ханасул васал рачаралила авлахъалде ва гIужие лъурабила хварав инсул сурат.

– Нуж чIаго таял, ханасул лъимал, нужеца цо-цо чIор речIчIизе ккола дов нужерго инсул суратalда. Гьунар бергьарасе мустахIикъаб шапакъатги букIина, – ян абурабила гIакълучияс. ТIоцебе чIорбутI кодобе босарабила бищун цIикIкIарав васас, ишанги босун речIчIарабила. Суратalда букIараб инсул каранлълъ къарабила гьесул чIор. Васияталда рекъон гьесие кьурабила инсул мина. ЧIчIалде вачIаравила кIиабилев. Гьесги ишаналда чIор щвезабурабила суратalда бугеб инсул ботIролълъ. Гьесие щваралила инсул хурзалги мучIдулги.

Бищун гьитIинав вачIаравила чIчIалде. Гьесда цебе чIарабила чIагояв инсул сипат ва гIодоб речIчIарабила чIорбутI.

– КIоларо дида инсуда чIорги речIчIун давла босизе, – янги абун, гьев нахъе инехъин вукIаравила. ГIакълучияс абурабила:

– Ле, ханасул гьитIинав вас, инсул васияталда рекъон дуе ккола цIураб моцIрол сордоялъ бегIераб гIералъул тIогьиб лъураб гъамас, – илан.

Данделъиялде рачIарал цадахъ релъанхъаралила. Хасго кеп щварабила гьасул вацазе. Каламго гьабичIого гьитIинав аравила ва сордоялъ пикру гьабурабила: «Гьел рагIабазул магIна гъваридаб букIине кколилан».

Чанго къойидасан гургинлъарабила моцI. Минаялда аскIоб бугеб гIералъухъ валагьаравила вас. Ва сордо бащалъараб гIужалъ гIералъул тIогьалъул рагIад рехараб бакIалда ракь бухъизе лъугьаравила гьев. КватIичIого гвандиниса къватIибе баккарабила кIудияб гъамас. Жаниве ваккидал, гьениб батарабила гьасда ханасул букIараб тIолабго гIарацмесед, маржан-якъут.

Инсул адаб цIунун, гьесул суратaлдецин квер борхичIолъиялъе мустахIикъаб шапакъат букIарабила гьеб. Гьесул цIодорлъи бихьун, халкъалъ ханлъунги гьев таравила.

# Бакъараб бацІила маргьа

Букlанила, букIинчIила Лъалгъади хьонлъи абулеб бакIалда цо бакъараб бацI. Анила гьеб жиндиего квен балагьизе. Хьондаса гъоркье лъугьанила, щванила КIудияв ХIажил Лъалгьада бугеб кулиялде нахъе. Колода нахъа бугеб Хажил хуриб батанила хьихьараб куй. БацI куйда аскIобе щванила, ва абунила, жиб цIакъ бакъунги бугин, жинца гьебги кваназе бугилан.

Бакъун батани, дуца кIал гьакIкIайилан абунила куйца, цинги жиб дур чохьонибе кIанцIилилан, гьеб дуе бигьалъиялъе гьабулеб хIалтIи бугилан.

БацIица кIал гьакIкIанила, куй нахъе-нахъе анила, бекерун бачIун, буге'б къуваталъ бацIил кIалдиб жиндирго лълъурдул тунканила. БацIил цаби гъуранила, лъай-гIакълуялдасаги ун, гIодоб речIчIанила.

ХIажил куй рокъобеги ун, тIаде нуцIаги къан чIанила.

БецIаб сардилълъ бацI лъавуде бачIанила ва жинцаго жиндаго абунила: «Куй дица кванан букIарабани, дун гIорцIун букIинаан, кваначIеб батани, кибеха гьеб араб?»

Лъалгъади лъарги бахун, бацI ГIакънибе анила, ГIакъниб гьелда гьабнухалъ Колоса ХIажил чегIераб чу – бекерухъан батанила.

БацI чода аскIобе билълъанила ва добго мурад бицанила. Чоца, лъикI бугин, кисан байбихьунин жиб кваназе бугебилан гьикъанила.

БацIида куйдулги жиндирги ккараб ракIалде щванила ва жинца чу рачIчIалдасан кваназе бугилан абунила.

Чоца, жиб добехун буссинин, дуца кваназе байбихьейин абунила.

БацI чу кваназе гъираялда букIана, гьелъул ботIролълъ кIицIулго мал щванила, гьеб гIакълуялдасаги ун, гIодоб ккнила. ХIажил чуги Лъалгъадибе – жиндирго колотIе тIадбуссанила.

Цо заманалдасан бацI лъавуде бачIанила ва гьелъ абунила: «Дун бакъахъе буго, чу кванан букIарабани, дун гIорцIун букIинаан. КваначIеб батани, кибеха чу араб?!»

Чарахвараб бацI цо сухъмахънухалъ накIкIирохьобе балагьун анила, нухда батараб нохъоде лъугьанила, цинги гIодизе байбихьанила: «Дун гIабдалалъе щай букIараб, куй – бетIералдасан кваназе, чу – рачIчIалдасан кваназе?»

БацI кьижун ккнила. Гьелда макьилълъ бихьанила Гьалгъади хьондасан, хадур куйдулги чуялги лъугьун, лъутун жиндирго нохъоде тIурун унеб.

*Маргьу бицана Унсоколо районалъул Нахъаколоса речIчIухъан ХIажил вас, ХIайдарица.*



*Ингушазул лъималазул кечI*

# БИЧЧАНТЕ ЛЪУГЬИНЕ САЛИ МЕСЕДЛЪУН

Биччай доба, лъарамухъда
Сали меседлъун лъугьине!
Биччай доба хъудулеб лъар
Лълъим гIарцулаблъун лъугьине!

Росда нахъа бугеб мегIер
Биччай пахьуллъун лъугьине!
Гьелъул керен бахчараб ххер
Биччай чиллайлъун лъугьине!

Цинги тIолго гьеб бечелъи:
Чиллай, гIарац, пахьгун месед –
Бесдал Маржанатий щвезе,
Гьей бетIергьанлъун яхъине!

*АсатIиназул лъималазул кечI*

# ХIАТIАЛ

Вай, хIатIазул берцинлъи,
Вай, хIатIазул гьайбатлъи
Гьав нилъер гьитIинкIасул,
Месед гIадав васасул!

Катие гьел кьеларо,
Гьоялъеги кьеларо,
Гьал хIатIаз, я гьал хIатIаз
Нахъа тела гIемер нух.

Вай, хIатIазул берцинлъи,
Вай, хIатIазул гьайбатлъи!
Гьезда тIад къокъина мун
МугIрул сухъмахъаздасан.

Къокъина ахикьеги,
Къокъина хуриveги.
ХарчIал, гIарал гьарила,
Гьобо ххенезабила.



*Балкаразул лъималазул кечI*

# ДУНЯЛАЛДА БИЩУН БЕРГЬАРАБ ЖО ЩИБ?



– Дунялалда бищун бергьараб жо бакъ!
Дунялалда бищун къуватаб жо бакъ!
Къуватаб, бергьараб букIинаан бакъ
Бахчулаdefault ребани чIегIераб накIкIалълъ.

– Дунялалда бищун бергьараб жо накIкI,
Дунялалда бищун къуватаб жо накIкI!
– Къуватаб, бергьараб букIинаан гьеб
Гьекъоларебани ракьалъ гьелъул лълъим!

– Дунялалда бищун бергьараб жо ракь!
Дунялалда бищун къуватаб жо ракь!
– Къуватаб, бергьараб букIарабани,
Басандилароан гьелда тIад чахъу.

– Дунялалда чахъу бищун бергьараб!
Дунялалда чахъу бищун къуватаб!
– Къуватаб, бергьараб букIинаан гьеб,
Гьоболасе кьегIер кьоларебани.

– Дунялалда гьобол бищун бергьарав!
Дунялалда гьобол бищун къуватав!
– Къуватав, бергьарав вукIаравани,
Гьесул къвачIинибе къалароан гIункIкI!

– Дунялалда бищун бергьараб жо гIункIкI!
Дунялалда бищун къуватаб жо гIункIкI!
– Къуватаб, бергьараб букIарабани,
Катица цо речIчIун, чIваларoан гьеб.

– Дунялалда кету бищун бергьараб!
Дунялалда кету бищун къуватаб!

– Гьайгьай, кету буго бищун бергьараб!
Гьайгьай, кету буго бищун къуватаб!

*Руссинаруна МухIамад СагIидовас*

# БуртIал

**ГIиса ГIабдулаев**

Риидалил каникулазул заманалда дицаги кумек гьабулаан инсуе цIцIани хьихьизе. Риилялъ гьел ахIуд риччан толел парсалги нижер мугIрузда гьечIо, гьединлъидал ине кколаан цIцIаназул тIалаб-агъаз гьабизе.

ЦIакъ роцIараб, зодихъ кигIан гьитIинабги накIкIул парча бихьулареб къо букIана. Гьанирехун рортун, дорехун жункIун, хер-тIегь гIемералъур кваналел рукIана цIцIани. Гьезда хадуб лъабго бутIурги букIана. Нужеда щибха лъалеб, цо рахъ ккун, кваналаго унел гIиялъажалазда данде гьал цIцIелжал хьихьизе букIунеб захIмалъи! Гьезда гIадин, бакъхIайги лъаларо цIцIаназда. КигIан бакъ багIараниги, унелго унел рукIуна. Цо-цо «Гец!» - ан ахIараб мехалъ, ххвалиего гIадин лъалхъула, цинги релълъ гIадин унел рукIуна.

Свакарал буртIал, цоцазул гарбазда бутIрулги лъун, гIодор чIана. Хадур гьел кьижун ккана. Чудкица буртIал хъамун ине гурилан, дун гьезда аскIоса гIебеде чIана. ЦIцIани гьездаса лъикIго рикIкIалъун рукIана. Цо заманалдасан буртIал тIаде рахъана. Улбул аскIор ратичIелъул, гьел рахIатхун



э-эдизе лъугьана. Эхере рекерана гьел э-эдиниги, рикІкІадегІан арал улбузда гьезул гьаракь рагІулеб букІинчІо. БуртІазул рахІатхвей бихьун, дица гьезде гьаракь гьабуна. Гьел рекерун дида аскІоре рачІана ва кваназе лъугьана. Гьоркьо-гьоркьор расандулел, рагъулелги рукІана. Гьел рагъулеб куц! КвачІидаги рахъун, гьез бутІрул цоцалъ кьабула. Дукго-дукан рукІуна, цонигиязда рагъ чІалгІинегІан. Къейбергьинги гьезул букІунарилан ккола.

Гьезул хІалбихьизе цоги нухалъ гІеркъида нахъа вахчана дун. Гьанжеги рахІатхун э-эедана буртІал. Эхере рекерана, эхеде рекерана. Дица гьаракь гьабурабго, рекерун аскІоре рачІана. Чанго нухалъ вахчана дун. Чан нухалъ вахчаниги, гьез валагьизеги валагьана. ЦІакъ вохун вукІана буртІазе дун вокьулев вугилан. Цо заманалдаса раккун рачІана гьезул улбул. Цо батІияб кІанцІей гьабуна буртІаз гьанже. Чан нухалъ дица аскІоре ахІаниги, гьел дида аскІоре къачІо. Дида бичІчІана дидаса гьезие жидерго улбул рокьулел рукІин. ГІайибги кинха гьезде гьабилеб?

# Чадил хІакъалъулъ

* * *

НекІсияб Египеталда бакъги, меседги, чедги бакьулъ тІанкІ лъураб горалдалъун хъвалеб букІун буго. Гьелъул магІна ккола Египеталъул гІадамаз меседалъулги бакъулги гІадаб къимат чадилги гьабулаанилан абураб.

* * *

Кидаго киналго халкъаз чадил къимат гьабулеб букІун буго. Нилъер заманалдацин индусаз чадиде «киналго нигІматазул эбел» – ян абула.

* * *

ЦІиял бахІарзал чадие къулизе кколеб гІадат буго дунялалъул гІемерал халкъазул.

* * *

НекІо заманалда гІемерал унтабазе дарулъун рикІкІунеб букІун буго чед. НекІсияб Грециялда бежун заман араб чед цІибежаралдаса пайда цІикІкІараблъун рикІкІунеб букІун буго. Кванирукъ унтарав чиясда тохтурас чадил макъар чІикІизабулеб букІун буго.

* * *

ЦІакъго цебе заманалда гІадамазда чед бежизе лъалеб букІун гьечІо. Гьез мугь, лълъеги бан, хІеккинеги гьабун, кваналеб букІун буго. Цинги ругьунлъун руго гъурараб мугьалъул карщ гьабизе; гьебги ххенон панкъал режизе. Азарил сонал хІажалъун руго гьанже нилъеца кваналеб гІадаб чед гьабизе ругьунлъизе.

* * *

Нилъер заманалда (эралде) щвелалдего Египеталъул цо чиясухъа нахъе хутІун буго буцараб гІатІ. Заман гьоркьоб индал гьесда бихьун буго гьеб беччун, гьорон бачІунеб. Гьелъул гьабураб чед цІакъ тІагІамаб лъугьун буго. Гьелдаса нахъе ругьунлъун руго беччараб чед гьабизе.

Наби ГIисоев

# ГьитIинай ахихъан



КIудияв инсуца гьабураб ахикь
Алипатицаги чIана гIечул гъветI,
Щибаб рада-радал тIадеги яхъун,
ТIола гьитIичалъ лъим лъалъазе гъутIби.

Инсуца абуна гьединан тIадчIун
ТIалаб гьабунани, тIегьги балилан,
ТIалаб гьабичIого квер хьвагIун тани,
ГъутIбузги, ццин бахъун, мугъ рехулилан.

Эбел кIалъан йиго Алипатида
ЦIали гьабейилан – гьеле дур хIалтIи,
ХIалае вахъуна гьеб мехалъ эмен:
«Гьелъул квалквал гьечIо цIалуе, ПатIи».

Дагь-дагьккун гъветI борхун бачIараб мехалъ,
Ясалда тIад тIубан рекъола эбел,
ТIасиялъ пихъгицин кьезе бегьулин
Бицун буго йохун мадугьалалда.

МугIалим ГIалица тIаде жубала
Божуларев чияс цIехеян абе
Ахихъан Нурида жиндирго ахикь
ГIечул чанго тайпа гIезе гьабурав.

Дица Алипатий хIаракатахъухъ
ХIалчIахъагиийилан рецц-бакъ гьабуна.
Гьей  намуслъун гIадин, гIодой къулана:
«ГIеч тIад барщизегIан сабру гьабе», – ян.



**Авар театралдасан жиндир кечI ахIиялъулги, кьурдиялъулги, ролал хIаялъул гьунар-махщалил хIакъалъулги Дагъистан тун къватIибеги цIар машгьурлъарав Дагъистаналъул халкъияв артист Муса ГIабасовасул ракIалдещвеялъул тадбиралда кьурдулел ва кучIдул цIалулел Гумбет районалъул цIалдохъабиги, хъвадарухъабиги, цоги гIахьалчагIиги.**










*Унсоколо росдал «Милъирщо» ясли-ах. Лъималаз рахъарал суратазул выставка.*







*Лаченалъул гьудул, Шамил мухъалъул ХIебдаса, 6 сон барай Фатима МухIамадова.*

Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

1/2020
январь – февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталимов
**Фото на обложке** М. Колюбакиной

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,33.
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 04.03.2020 г.
Тираж 889 экз.
Заказ № 497.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.